- Kumajaya** : kula nuwun inggih pangabekti kula katur paman pukulun.
- Narada** : iya-iya ulun tampa pangestu ulun tampanana.


- Kumajata** : kula dahat kapundi.
- Ratih** : semanten ugi pun ratih sembah bekti kula mugi kunjuk pukulun.
- Naradha** : iya iya Bathari ratih ulun tampa pangestu ulun tampanana.
- Ratih** : nuwun inggih kapundi.
- Naradha** : kumajaya?
- Kumajaya** : nuwun wonten adhawuh.
- Naradha** : Mbok menawa rasanira marang ingsun kaya dene hanjanur gunung dene bathara naradha rawuh ing cakrakembang.
- Kumajaya** : kawula nuwun inggih pukulun keparenga hambabar wigatining karsa pukulun.
- Naradha** : ngene ya, kaya wis sira kawruhi samengko kahyangan diubengi buta, saka lena pura wadya balane prabu Nila Ludraka. Parih sena rudraka ingkang gempur kahyangan, nganti dewa dewa pada kesesering yudha mundur ing payudan tutup kori selamatangkep merga kasektene kaya kaya jagad iki tanpa timbang. Mangka nyatane adi pramesti guru ing titi mangsa iki lagi mbangun brata, anacak lakuning semedi.
- Kamajaya** : kawula nuwun inggih, dhuh pukulun menapa rinilan pun kamajaya keparenga magut pupuh handepani kahyangan jongring salaka.

- Naradah** : lholokosik, ora wurung mengko mung bakal okeh-okehi bebanten. Ngene ya pratelon iki sakwuse pirembuk para dewa durandara kabeh ingkang golonging tekat, manunggalake rasa ora nana liya dina iki uga hyang adi pramesti guru kudu diwungu nggone tapa.
- Kamajaya** : aduh paman lajeng kados pundi?
- Naradah** : lah samengko, aja wigih ringa-ringa budidayanen supaya adhi guru jugar tapane, dewa mercayakake marang sira kumajaya. Yen wus wungi sa jroning semedi mesti jagat kahyangan jongring salaka iki sirna saka bebaya, kabeh wus wpruh lamun sejatining ratuning jagat triloka iki ingkang wenang amurba amisesa sagung dumadi, mila aja mangu-mangu karsanira ngger kamajaya.
- Kamajaya** : Aduh paman kula nyuwun pangapunten (maju). Sepinten diagung kalepatan diagung pangaksama, nuwun sewu babar pisan kula mboten badhe wanton wungu paman bathara guru, ingkang nedheng kepati brata. Mendah agenging sesiku dateng kula pukulun.
- Narahda** : loh ngene ya, kahanan iki wis gawat, kahanan wis kaya ngene, kahyangan wis dadi rempon sedela maneh kahyangan jongring salaka bakal rubuh, ora nana jalaran liya kajaba gugahen adi guru pramsthi anggone yoga brata.
- Kanajaya** : sepisan malih kula mboten wanton.
- Nardha** : Dasarmu apa?



Kamajaya	: sepisan sang hyang jagat giri pati menika ratuning triloka, angka kalih lampah brata semedi wewenanging kapribaden, sinten ingkang kumawantun dateng kasutapaning asanes menika badhe nampi wewelak pukulun. Dene angka tiga tataraning ngelmi saknginggiling para dewa, mila kula mboten kwawi natas talining semedi. Angka sekawan mendah kados pundi dukanipun paman Bathara Guru mangke menawi dipun jugaraken anggenipun lampah brata semedi, lah menika kumajaya trimah mopo kewala nindakaken pakaryan menika pukulun.
Ratih	: pukulun.
Naradha	: Ratih piye?
Ratih	: kula sanget kuwatosaken karaharjaning kakang kamajaya, menawi nindakaken jejibahan menika pukulun.
Naradha	: aja sumelang kabeh wis dadi sarujuke pada dewa durandara, mercaya marang bathara kumajaya, merga wis kapitanging budi ora nana liya.
Kumajaya	: Sepisan malih kula trimah dados banten ing madyaning pabaratan tinimbang kula ganggu damel dateng kasutapaning paman pukulun sang hyang giripati.
Ada-ada	:
Naradha	: lhadalah ngger ngger, ngene mengko menawa ana apa-apa dewa kang bakal nanggung. Cobata kowe opo ora mesakake nyawang kahanan iki yen ta nganti sang hyang

jagat kahnyangan ora tumuli wungu jagat kahnyangan bakal dadi apa. Ya arepa dewa kuwi luput ing pati kena ing lara, dewa ora bisa mati ning isa lara, mangka menawa besuk ora genah wangenane jugare semedi, apa kelakon kahyangan dikuasani angkara murka.

- 
- Sampak** : Suwuk ada-ada.
- Kamajaya** : nyuwun sewu pukulun, menawi mekaten kula kedah nindakaken pakaryan menika.
- Ratih** : kakang kamajaya, ratih saklangkung ajrih kakang. (memeluk Kamajaya)
- Kamajaya** : aku bakal nindakake pakaryan iki yayi. Karyanen cakra kembang.
- Ratih** : kula derek paduka kakang.
- SAMPAK** : Naradha balik kekiri, diikuti kamajaya dan kamaratih. Pathet nem wantah dyan sembah nireng ulun Bathara Guru dados monggang, ditindihi bedhayan sirep janturungan
- Janturan** : perangane harga himawat, mapan sangajenging guwa, sangandaping wit Darsana, hana gumug kang monthang telaga wening, tirtane kang kebak kembang terate, wingit kebak pangaribawa, sasana tapane sang hyang jagat giripati kang manekung manungku puja jatining olah samadi. Soroting ndaru miwah cahya kang wus kawengku sakehing pepadang kaya ngubengi sarirane bathara guru. Suwara gora gumleger kang tueuh saking

papaning sang tapa satemah datan ana sipating titah lan dewa milah bangsaning jim kang wani hanyaketi.

Tabrak Sampak

: suasana kayon menyaput Bathara guru tampil kamajaya dan ratih. Nyembah. Semedi. Ada-ada tansamar pamor dst.

Pocapan

: Lon lonan sang bathara kamajaya ya sang kusumasara, saya cedhak saya cedhak ungyane dupi saya caket sigra manekung, nanging saya limeng penggalih labet malih mangu-mangu makarti awungu sang tapa, gegaran kesaguhan sigra tinata rasane den selehke pamikire, rem Netra angsa semembah sigra sedakep tuwuh kuwanene.

SAMPAK

: suwuk

Pocapan

: sigra musti mantram nyurung swaraning Guntur daya luwih lumampah ngener sarirane bathara guru sigra katampek sarirane sang atapa, temah bali tanpa dadi.

SAMPAK

: kayon. Suwuk


Pocapan

: datan mendha malah saya greget gumregut tekate sang kamajaya, dupi wola wali cabar dayane tan bisa gugang sang tapa. Sigra ing mangke sigra musthi jemparing pancawisaya, ya panah cakrakembang ya sinebut warayan, mawa pangaribawa kekembangan manca warni sarwa nengsemake, sinartan mantram sakti panggugahing asmaragama, ya gegunungane olah salulut musthikaning daya karonsih. Udan kembang nguruki sarirane bathara guru.

- SAMPAK** : dados ayak-ayak kumajaya memeluk ratih menggendong masuk kekiri. Kayon tampil bathara guru kekanan bertemu dengan Uma dan keduanya karonsi. Suwuk
- Guru** : rum rum bintarum, mekar kang sari sari. Kudup sumerbak angganda wangi, wong ayu garwaning pun kakang yayi bathari, tuhu banget kapanging rasa pun kakang wong ayu.
- SAMPAK** : Guru bertemu Uma. Menjadi gending. Adegan karonsih roman guru dan uma. Sirep ginem.
- Uma** : pangabekti kula mugi kunjung pukulun sang maha bathara. Sanget mboten nginten bilih paripurnaning anggen paduka manembrata semedi pukulun.
- Guru** : hong ilaheng awignamastu namasidam, yayi bathari uma iya-iya yayi. Dene lawas anggenira tapa nganti Kongsi banget kapang marang jeneng sira wong ayu, garwaku kang tak tresnani, mula kang saka iku yayi beja kemayangan pun kakang pinangya marang sira wong ayu, mula ayo titimangsa iki lelumban warih madu kekosok sari kembang wangi, mara gage yayi manembrata semedi kawistara kaya lungrah sarirane pun kakang wong ayu, mula kang saka iku aja wigih ringa-ringa, uma brantane pun kakang nuli tanggapana wong ayu.
- Uma** : inggih pukulun menawi tetela mekaten kapareng paduka, ingkang rayi pun uma bebasan sarah munggwing lautan, ulam mungwing rampadan sumangga kepareng paduka badhe hamurba raga kula pukulun.


Guru	: wong ayu tak trima banget wong ayu uma.
Sendhon	: rencansih dados ayak-ayak dados gending.
Janturan	: kombang brengengeng ngubengi sekar kang arum gandane, dasare ingkunu amung nikmat mupangat satata netya, tegese langgeng kerem sajroning sanggama sang bathara guru. Sang bathari ora kaya kang aneng ing payudan.
SAMPAK	: muncul tentara Nilaludraka. Ada-ada.
Yaksa	: tak enten-enteni saya sepi saya sepi, mau kae ora ketang kodhok ora krungu, sak iki malah saya ora ono beneke, katone dewa delik kabeh.
SAMPAK SL.	: raksasa mengeluarkan tombak menembak kori menjadi api mencoba membakar kahyangan. Raksasa belajar kekanan.
Pathet Sangan	: Wantah gara-gara Sampak kamajaya melawan raksasa patih senaludraka. Kajaya kalah ketemu dengan semar. Ada-ada
Semar	: Eh kamajaya.
Kamajaya	: kula wonten dawuh rama pukulun.
Semar	: aku wong tuwamu mung ngeleke, iki pancen dudu tandingmu.
Kamajaya	: nanging rehning saget amungu pun paman pukulun anggenipun tapa, ngantos sepriki dereng mios ing payudan.

- Semar** : bathara guru kie nek metu ngrampungi, lha opo kowe lali mbok jemparing pacawisaya sing mbok ungkat asmara ya birahine, mula ya ora aneh lali purwaduksina anane mung kumpul karo bojo.
- SAMPAK** : semar maju, kumajaya tebahjaja Suwuk.
- Kumajaya** : aduh lajeng kados pundi pukulun.
- Semar** : kowe mengko ndak dadi rempon nengkene, pancen nila rudraka kae sak wadya balane lagi diuja karo kahanan, kowe mundura disik.
- SAMPAK** : semar kamajaya kekanan, Indra dan Narada ketemu. Ada-ada.
- Naradha** : pie ngger surapati?
- Indfra** : aduh pukulun nyuwun pangapunten ingkang agung, saya hadesek prajurit saking Nilalurdraka, lamah sakmangke prabu nila ludraka ugi ngembuli pupuh kathah wadya durandara bosah baseh pukulun.
- Sampak** : tebah jaja suwuk
- Nardha** : wo lahdalah, lha yen ngono carane kamajaya wis kasil anggone awungu hyang jagat giri pati wis sapetemon karo garwane.
- Indra** : lajeng kados pundi pukulun? Kula mboten wanton matur wonten ngarsaning kanjeng rama pukulun.
- Narahda** : kudu wani. Merga ancasing sedya sekawit ulun karo dewa kabeh kongkon kamawijaya supaya mungu sang



tapa. Supaya sang hyang giripati ngrampungi perkara iki. Bareng saki mung manjing ning tinjomaya iki mengko arep dadi apa kahyangan.

- Indra** : aduh menawi mekaten inggih badhe kula cobi pukulun.
- SAMPAK** : Indra bertemu dengan Guru dan Uma. Suwuk
- Guru** : Hong wilaheng awignamastu namasidam, kaki indra sira ngabyantara.
- Indra** : inggih kanjeng rama pukulun lepat diagung pangaksama kanjeng rama, cetha titimangsa mangke saya ngangsek pabarisaning mangsah, dewa mboten mangga puliha malah kathah kasesering yuda.
- SAMPAK** : Guru meluk uma berangkat kekanan, keluar Nilalurdraka bayangan dari atas, joget dikanan, menculik uma dibawa kekiri. Lanjut digendong. Suwuk
- Pocapan** ; dedel ingawiyat ratu buta Antariksa nenggih sang nalendra ratu buta, dupi lena sang hyang giripati binapong wanton sang bathari uma, hanjele jele karuna. Mireng sang gajah herawana sigra kroda.
- SAMPAK** : Gajah keluar dari kanan ngoyak buta. Rebutan dewi uma. Nilaludraka kalah suwuk ada-ada Palaran
- Nila** : o o lha dalah trembelane, hakok ana gajah gedhene keliwat ukur, wah kethiking playune ganthol nganggo tlale, digawa keparat mung dapure kewan tak gumunono!


- 
- SAMPAK** : perang rebutan Nila dengan Gajah, gajah menang suwuk, pocapan.
- POCAPAN** : kridha sang gajah herawana, dwipangga klangenane bathara indra, dupi weruh Dewi uma binopong dening Nilaludraka, ingkang nalika semana den uber ngendi parane sang nilaludraka, gading malang tlale mlungker munggah, riwusnya saget hangganthol sarirane sang Dewi Uma, uwal saka pondhongane sang Prabu Nilaludraka, den gubet ing mucuk tlale tinumpangake ing mustaka liman, kadya singunen sang bathari jele jele gumeter sarirane, mobat mabit kinarya rebutan tandhange gajah herawana, kinetok ngayomi sang dewi.
- SAMPAK** : Perang Gajah dengan Nila Ludraka, gajah Herawana menurunkan sang dewi, Uma kekanan gajah ke kiri. Tampil Senaludraka, dari kiri Batahra guru dri kanan mengeluarkan pengabaran Sena Ludraka mati.
- Guru** : sepira banggamu patih senaludraka, ayoh sapa sing ora trima, ratuning triloka bathara guru.
- SAMPAK** : Guru kekanan, Sena Ludraka keentas ke kiri. Ayak-ayak Ketemu Guru dengan Uma suwuk. Pathet Sanga jugag.
- Guru** : yayi katon keweden tansah gumeter sariramu, si adhi wis tinemu raha raja merga krodane si Gajah Herawana, pancen nistha julig patrape si prabu nila ludraka. Patihe sena ludraka sing wis tak pateni, jebul ratune sing nilaludraka nglimpe nyidra marang yayi bathari. Yayi sarehna

rasamu, mesakake jejabang kang wis suwe mapan ana ing guwa garbanira.


- Uma** : Pukulun sanget gumeter badan kula, rikala rinebat dening gajah herawana. Kula dipun unda ing tlale mobat mabit awit duwa kridane nilaludraka. Raos kula kados mapan ing alam walikan pukulun.
- Guru** : yayi selehna atimu disik, garbini kuwi kudu ngrasakake Tentrem, ana ing rasa lair lan batin. Singkirna sisihna rasa was sumelanging rasamu wong ayu, ayo nglipur kalbu kanthi tansah nekseni, budaya lenggot bowo para hapsari, ya kuwi wanita wanita pinilih ingkang lelewane beksa para widadari mau bisa ndundut rasa lan bisa nyenyeger rasa pun kakang marang sira wong ayu.
- Uma** : pukulun kula nyuwun sewu wiwit lelampahan kalawau raos kula mboten saget semeleh, kenging menapa tansah enget krodaning gajah herawana.
- Guru** : gajah herawana tumpakane anaku lanang kaki Bathara Indra? Gajah herawana tetela gedhene pancen kagila gila turta lantip panggrahitane ngedap-ngedapi kridane, nanging nyatane bareng weruh sira digawa marang Nilarudraka cukat trengginas giras ngrebut sira wong ayu. Mula rehning samengko wus tinemu rahayu mula ayo yayi, lalekna disik lelakon mau.
- Uma** ; pukulun lajeng kados pundi kawontenane kahyangan jungring salaka, dene ngantos ing dinten mangke taksih

wonten suwasana mekaten, pukulun mangka paduka sampun mangsah ing palagan.


- Guru** : wis wis si adhi ora perlu menggalih kahanan iki.
- Umaq** : pukulun, kenging menapa raos kula tansah gumeter pukulun.
- ADAada** : bumi gonajng.
- Guru** : Hong wilaheng awignam, yayi uma ulun wus ngerti lamun ta titi mangsa iki kaya wis wanci leking ponang jabang bayi, nanging ya gene si adhi drodog wel-welan kaya mangkana.
- Uma** : inggih pukulun, adhuh pukulun kula mboten kiat.
- SAMPAK** : Uma dibawa guru kekanan dipeluk sebelah kanan tancep meluk dewi Uma. Sirep mengeluarkan kayon hekat. Ditindihi Bumi gonjang ganjing. Udar, menjadi Sirep Janturan.
- Janturan** : jagad moyak maying ing pucuking gunung tengguru. Nanging ing langit kebegan pangempreting dwipangga gumonthang, yayah mecah sepining swasana. Sesawanganing ngarcapada dadi nyleneh sak kathahing kewan gajah jerum handeprok lir ngurmati miyosing turas dewa linangkung, nenggih bayi kandutane dewi uma ingkang datan lumrah pyak langse gumbala giri, wujud raseksa rai dwipangga hanjerit karuna sang bathari.
- SAMPAK** : Udar. Suwuk.

- 
- Uma** : Pukulun!
- SAMPAK** : Tlatur suwuk. Buka celuk Panjang ilang. Jadi srepeg tlatur. Uma meluk bayi berwajah gajah sirep.
- Uma** : pukulun kenging menapa kados mekaten kawontenanipun ingkang putra, menawi kula saget nampi menapa kewala wujude anak kula. Nanging sinten ingkang mboten sedih nyawang kahanan sesawangan kados mekaten. Uma nyuwun pangapunten dene nglairaken wiji paduka hambabar putra kados mekaten, kula nyuwun dhawuh, kenging menapa lampahan menika kedah dumados pukulun.
- Guru** : Uma kowe ora salah, ora luput wong ayu. Sira garwa ulun banget tak tresnani, laire anakmu lanang kang asirah gajah, yen rinasa kaya nyoba marang bathara guru, nyoba marang aku, kahanan kaya ngene iki ora bakal dumadi yenta sekawit semediku ora dijugarke, sak iki openana disik anakmu, ulun bakal nglacak perkara iki apa karepe pada dewa-dewa.
- SAMPAK** : Tlatur Guru kekiri. Suwuk Ada-ada tlatur.
- Uma** : anaku ger nadyan kaya mangkana wujudmu , nanging pun ibu banget tresnani marang kowe, wiwit sekawit panjangkaku pangarep-arepku, gegayuhanku kepengin duwe turun dewa kang pinter tur ya wicaksana, mumpuni ing aguna, tak sesuwun muga muga, anakku lanang memunjuli ngluwihi para jawata-jawata liane ya ngger.
- SAMPAK** : Tlatur suwuk.

- Uma** : Gek ndang gede ya ngger.
- Ghana** : kek-kek kek (sambil mencoba berdiri) kek.
- Uma** : iya ngger derek pun ibu ya ngger, kowe ndang bisa guneman, kowe ndang bisa kandha ya ngger. Pun ibu tansah caket kalawan sira, nadyan kaya mengkene kawujudanira kowe bakal tak gula wenthah ya kulup.
- Ghana** : kak kak kek kek, kuwe kowe ko.. we sapa?
- Uma** : iya aku bathari uma.
- Ghana** : Ibyuu...
- Uma** : wis bisa.
- Ghana** : Ibu Rama.
- Uma** : cetha kowe bakal dadi dewa pinter, sabab durung suwe miyosmu nanging wis lantip wasis gunemu. Iya luwhi disik tak dusi supaya resik badanmu, kowe nek tak dusi manut ya ngger. Adus banyu kembang, ana ing karang kaawidodaren kowe bakal digulawenthah dening dewati separang parang kulup.
- SAMPAK** : Dewi Dewi tancap kanan Uma dengan Ghana dri kiri.
- Widadari** : bat tobat kula nyuwun sewu pukulun. Pukulun.
- Uma** : iya hapsari, ngertia iki atmajaku kalawan sang hyang jagat giripati. Raseksa wujude nanging asirah dwipangga. Kaya mangkene.
- Widadarai** : bat tobat inggih inggih sang kusumaning Dewi.




- Uma** : dusana anaku iki aja nganti mambu.
- Widadari** : menika pasuryanipun kedah pun resiki nggih.
- Uma** : iya borong marang sira kabeh para hapsari.
- SAMPAK** : Uma tetap ditempat. Ghana dibawa kekiri, sebentar dan tampil dari kanan kembali tancep.
- Ghana** ; kan kan kanjeng ibu.... Kok.... Aku aduse mung sepisan iki wae ya bu.
- Uma** : ya kudu resikan.
- Ghana** ; aku wedi banyu, aduse sepisan iki wae ya bu.
- Bathari** : wis sepisan wae iki meneh ya sotah (sambil berjalan kekanan).
- Bathari** : wong ngosoki neng ndas angele ora jamak mung thela thelo wae.
- Uma** : mongen ya.
- Widadari** : bat tobat menika dipun mong.
- Uma** : jambu dipanirmala apa dene pelem pretangga jiwa. Wis gage jaken dolanan ya bathari.
- SAMPAK** : Bedhol semua tampil bathara guru dari kanan. Tancep dengan bathara indra. Suwuk ada-ada Manyura.
- Guru** : Bathara Indra?
- Indra** : kula wonten pangandikaning adawuh rama pukulun.




- Guru** : mengko disik ulun tak ndangu marang sira, matura kanthi jujuring rasa.
- Indra** : kawula nuwun inggih kanjeng rama pukulun kepareng badhe andangu menapa?
- Guru** : ingsekawit ciptaning manah ulun mung kepingin laku brata semedi, nanging jebul kaya ora sak baene nggonku jugar saka tapa srasaku kaya tansah kepi kepi kalawan garwa ya ibumu bathari uma. Mokal ora nana rasa kang mangkene yenta ginugahnggonku tapa. Mara gage jujura sapa kang wangune wani jugarake nggonku semedi.
- ADA ada** :
- Indra** : waduh rama pukulun lepat diagung pangaksama paduka estonipun mboten wonten para jawata ingkang mamungu dateng paduka brata semedi.
- Guru** : ulun iki dewa panguasa jagat sawegung, yen ora gelem ngaku gajah herawana bakal tak pateni.
- SAMPAK** : Suwuk
- Indra** : aduh rama kula nyuwun diagung pangapunten rama.
- Guru** : sapa sing gugah nggon ulun semedi?
- Indra** : inggih mboten asanes kadang kula saking cakrakembang pun kakang bathara kamajaya.
- SAMPAK** : Guru Triwikrama menjadi rakseksa.

- Guru Raksasa** : wo lhatalah panuksmaning jajalaknat Kamajaya.
Rasakna pindana ulun.
- SAMPAK** : Guru kekiri indra kekanan lari mencari Narada dan bertemu.
- Indra** : Pukulun kados pundi menika?
- Naradha** : Pie indra?
- Indra** : sakawit kanjeng rama pukulun duka yayah sinipi sarira sang rudra pati. Pukulun menika kados pundi?
- Naradha** : Mula bukane pie?
- Indra** : parawarta Atmaja pukulun kalian kanjeng ibu bathari uma sampun miyos kawentar sumarambah sedaya dewa, bilih wujud manungsa asirah dwipangga. Dada muntap dukanipun kanjeng rama rumaos dipun jugaraken anggenipun semedi ngantos ajalari nglampahi kados mekaten, ndangu kalian pun kula sinten ingkang kumawantun jugaraken.
- Naradha** : lha kowe matur?
- Indra** : inggih hawid gajah herawana badhe dipun pejahi, kula ajrih dateng kajeng rama, kepareng kula matur bilih menika saking kakang bathara kamajaya.
- SAMPAK** : Narada kekiri diikuti Indra. Kamajaya bertemu ratih menjadi Ayak-ayak tlutur. Saling berpelukan. Sirep.
- Janturan** : wis ora nana rasa sengsem ing kahyangan cakra kembang papane sang bathara kamajaya miwah bathari ratih labet




saking hanggung siang pantaraning ratri tansah kepi kepi lekasira wanton anjugarake kang mbangun tapa semedi nenggih sang jagad giri nata. Mekaten uga bathari ratih

- Iringan** : Udar Srepeg tlutur, sirep
- Ratih** : pukulun mugi-mugi mboten katemahan sak estu inggih, pangimpen kula miyah pratanda ingkang tumanduk wonten telenging manah nalika semanten, kenging menapa lampahan menika kados mekaten kakang.
- Kamajaya** : yayi bathari semana uga pun kakang uga aku nganti ora bisa gagapi, yagene tak tindakake, merga junurung dening pamudutane pukulun bathara Narada lan para dewa. Mangka aku wis bisa ngrasa sipating wong kang ayoga brata mbangun semedi yen ta sing gugah dew asak duwure bakal handandang dumadining memala.
- SAMPAK** : Datangnya Guru Triwikrama, Kamajaya dan ratih pindah kiri bawah. Ada-ada jaja. Dst.
- Guru** : O o o. jebul kowe sing wani gugah nggonku semedi. Cehto kowe dewa sing kekendelanmu keliwat, cumanthaka patrapmu kaya weruh cak cakaning laku yoga brata.
- Kamajaya** : Aduh paman pukulun. Sewu lepat lumeberna ing pangaksama inggih sedaya kalawau labet sedaya para dewa sampun mboten saget hanggandahi panguasa anggenipun ngadepi Prabu Nilarudraka sak wadyabalanipun kang tuhu sekti, mila paripaksa jugaraken paduka paman anggenipun yoga brata.

- 
- Guru** : ulun semedi nacak laku alam brata ninggal kewajiban ngayomi kahyangan, sabab aku jagake kasektene para dewa kalebu kowe. Mung mungsuh bangsa raksesa wae teka dadak gugah wong bangun tapa, yen ngono dewa dewa ora bisa dipercaya.
- Kamajaya** : sampun kinetok kekiatanipun para dewa parandene sami kasoran, rehning kahyangan menika ingkang nguasani paduka menapa lepat menawi kula mungu dateng paduka paman.
- Guru** : sing menang jugarake anggonku tapa amung bathara wenang. Mula kekendelanmu keliwat. Hem kamajaya.
- Kamajaya** : anggenku wantun jugaraken paduka hawid kula mulat kahananipun kahyangan jongring salaka saya rungsit.
- Guru** : kowe ngerti ora, sing mbok nggo gugah aku jemparing pancawisaya ingkang rinubung kembang arum amonco warni, kang hangungkat rasa Branta makantar-kantar, satemah ulun kaya wong lali purwa duksina anane mung kepingin salulut nuruti kridaning berahi keliwat wates satemah patrape kaya sato kewan. Hayo karepmu apa?!
- SAMPAK** : Kamajaya nyembah.
- Kamajaya** : paman kula sampun nindakaken pinten pinten cara supados paduka udar semedi cabar tanpa karya mila kula tetep ngginakaken pancawisaya.
- Guru** : Kowe ngerti tegese Pancawisaya, Panca lima wisaya pirantine pancadriya. Mbok klumpuke dadi siji ngumpul

dadi daya birahi kang gegirisi, sapa wae kang ketaman jemparing pancawisaya anane mung kepingin karonsih sing tanpa wangenan, yen karepmu gugah aku mbok kon ngayomi para dewa teka sing mbok gugah dudu kasektenku kuwanenku bab pandayuda, naming sing mbok gugah birahi menyang wanita, kowe ora ngrampungi perkara, nanging malah nambahi ruwet.

- 
- Kumajaya** : sedyaning manah kula sasampuning paduka wungu enggala yirnakaken prabu nila ludraka.
- Guru** : sing ketok ana ing netraku amung garwaku bathari uma. Rasa kapang ingkang ora bisa dibendung ati ketaman wuyung, ulun dadi kaya mengkene merga patrape wong gendung kemlungkung sing jenenge kumajaya. Lekna netramu kahyangan sih horek, malah sak iki atiku saya sumpek merga ulun sak iki darbe anak lanang sing raine kaya gajah ngerti ora!
- SAMPAK** : Suwuk
- Kumajaya** : aduh paman sewu kalepatan tada wadana, babar pisan mboten bade niat damel panandang dateng paduka paman.
- Guru** : kowe ora duwe niat, ning mula bukane saka nggonmu wanuh wani gugah nggonku tapa, ulun ratuning jagat nanging mbok nggo dolanan. Ulun panguasa jagat triloka nanging mbokgo kewirangan anaku rai gajah. Ijole nggonku kewirangan kowe kudu ilang saka kene.
- SAMPAK** : tlutur suwuk pocapan

Pocapan	: Gumleger ing pucuking gunung Himalaya, sarirane bathara guru kang wus mekar kaya bisa ngrangkul gunung Himalaya, mengangah abang netrane labet kaladuking bendu marang risang kamajaya, panas pangaribawaning nglumpuk ing bathuk mletik metu genine soroting pinda srengenge tumama mring bathara kamajaya geseng dadi awu.
SAMPAK	: Tlutur Kumajaya kebakar bersama ratih.
Guru	: O O O lhadalah ora ilang drajatmu apa kowe hemm, lamaking bathara kumajaya wani kalawan panguasa ulun triloka
Sampak	: Guru kekiri, disusul naradha dan Indra dari kanan
Indra	: Aduh pukulun
Sampak	: Tlutur Suwuk.
Indra	: wo pukulun menika kados pundi wa. Ngungkat kamurkanipun kanjeng rama pukulun.
Naradha	: wah duh blaeni, aduh kakang semar kakang semar.
SAMPAK	; Indra dan Naradha bertemu Semar. Adegan Ghana bermain api masuk kedalam kawah candra dimuka.
Bathari	: Bat tobat ngger.
SAMPAK	: Tlutur masuk gawang kiri lapor ke Uma. Datang tancap bawah emban dan uma diatas.

- Bathari** : pukulun kula nyuwun pangapunten mboten ateges lerwa anggenkula ngemong dateng putra paduka, bat tobat kecemplung kawah candra dimuka pukulun.
- Uma** : Kowe pie kok iso jegur pie.
- SAMPAK** : Suwuk
- Uma** : anaku ngger anaku mati tenan. Anaku kowe aja mati ya ngger.
- SAMPAK** : Ghana keluar dari kiri sambil berjoget.
- Uma** : Anaku ger.
- Bahktari** : jebule rahayu, tur kok ya ababe ora enak.
- Uma** : kowe kondo sing bener jare anaku kecemplung kawah.
- Ghana** : iya akum au glundung rene (masuk kedalam kawah) terus aku metu meneh. (keluar dari kawah).
- Uma** : iki cetha tanda-tanda anaku dadi sekti mandra guna.
- Bathara** : mboten menapa menapa nggih nak.
- Uma** : yo ojo nak ngono.
- Ghana** : iti sapa to bu?
- Uma** : Bathari irim-irim
- Ghana** : ilim ilim, Ilim ilim (aksen ilir-ilir) ibu ora susah kuwatir dolan nggon geni aku ora popo.
- Uma** : Opo ora panas ngger?

- Ghana** : ora ibu aku ora popo aku tak dolan meneh ya bu.
- SAMPAK** : ghana kekiri. Diikuti Uma dan Emban. Ketemu Naradha dan Semar.
- Naradha** : kakang semar aja amung meneng wae.
- Semar** : eh pie.
- Naradha** : adimu mubal babal kanepson kaya ngana kae, bareng wis priksa lamun sing gugah bathara kamajaya.
- Semar** : lah banjur.
- Naradha** : lha durung krungu pawartane to? Kamajaya mati kobong.
- SAMPAK** : **Kayon**
- Semar** : Heh Kowe badhar o, Badhara nek ora gelem badhar tak gecek.
- Guru** : Kowe rene arep belani anakmu lanang?
- Semar** : Iyah kae anaku. Kamajaya kae anaku, Yamadipati kae anaku, Temboro kae anaku ambak a kae cilik elek ngeyel kae anaku. Kowe mendha ora tuk mu nesu heh?
- Guru** : Aku ora trima sabab anggone semedi durung rampung wis diguggah, Nganggo jemparing pancawisaya nganti aku gandrung kapirangu karo bojoku, merga rina wengi tansah nindakake pulangresmi nganti aku katemahan duwe anak mustaka liman, jebul tak tlusur sing wanuh wani gugah anggonku semedi jebul Kamajaya, mula sak iki anakmu lanang wis kobong dadi awu.

Semar : Iyah, nek nganti kowe ora nguripke anaku lanang, kelakon Semar perang karo Bathara Guru.

Sampak Bathara guru babar kembali menjadi normal, Suwuk.

Semar : Lah ngono, abrak gedhe wae aku ya injoh.

Guru : Iya kakang merga saka gedhening murkaku.

Semar : Ya aku ngerti wong aku kie dewa. Sejatine karepmu apa? Apa kahyangan kie arep dienciki karo angkara murka ngono pie?

Guru : iya kakang

Semar : iki ora guyon lho, iki nek anaku ora ana karo Bathari Ratih kelakon ngalam ora ana rasa karonsih. Hayoh neng ndi awune.

Sampak, Semar dan Guru pergi. Suwuk

Guru : Iki Kakang.

Semar : Wis gek ndang diuripke.

Guru : ulun tetesi tirta amerta.


Sampak, jadi Ayak-Ayak Manyura, Sirep Ginem.

Guru : Hong wilanheng awignam astu nama sidam, Kaki Kamajaya bathari ratih kita wus waluya jati.

Kamajaya : nuwun inggih ngaturaken panuwun pukulun.

Ratih : inggih pukulun ngaturaken panuwun pukulun.

- Semar** : Sukur bage sak iki wus temah jati waluya maneh.
- Guru** : kamajaya. Mung wae kabeh tiba sapadha padha wae.
- Kamajaya** : nuwun inggih sekawit hawid iyekipun pamanggih para jawata durandara, ugi dipun pandhegani dening pukulun Bathara Naradha. Ngantos katemahan kula kumawanton amungu dateng jengandika Paman.
- Guru** : iya ya, kabeh mau tetepa dadi piwulang wae.
- Semar** : Guru sak iki sira darbe putra, kang katone pintere keliwat ukur.
- Sampak semua bedhol.**
- Ghana** : Ibu kabeh lelakon iki wis taktulis wiwit saka lair nganti sak iki.
- Uma** : Iya ngger bat tobat pinter tenan sliramu ngger.
- Ghana** : iya iya bu, lho kae sapa bu.
- Sampak. Guru Semar tampil.**
- Guru** : Yayi uma anakmu sak mono kok wis pinter gawe buku kaya mangkana.
- Uma** : Inggih pukulun menika sedaya lelampahaning kahyangan saking wiwit lair twin kahananing kahyangan sedaya kaserat dening lare menika.
- Semar** : eh bocah kok pinter temen.



- Petruk** : owh sing rawuh iki Semar, pancen lantip pangrahitane, karo petruk, karo bagong.
- Guru** : Yayi Bahtari, kakang semar. Yektine anaku tak paring tetenger Bathara Ghana.
- Sampak**
- Guru** : Uga ulun paring tetenger Ghanesa, ya Bathara Durmuka.
- Semar** : Eh lungguh ngisor, lah bagus. Guru kridha geger kahyangan isih gumleger. Saka pangrasaku anakmu kudu ditokake ana ing paprangan.
- Guru** : kanggo Nandha lan nitik nyata mustikaning jawata bakal ulun tokake ono ing paprangan.
- Uma** : Pukulun Ampun.
- Guru** : Yayi aja mbok gondeli iki bakal dadi dalam besuk anakmu bakal dadi dewa pengpengan.
- Sampak**
- Ghana** : Amuk Suramerata jaya mrata. Majua rene Prabu Kala Ludraka.
- Sampak.**
- Kala Ludraka** : Tumenggung Patih Sena Rudraka wis tekaning pati, nanging katone dewa isih nutup kori sela matangkep.
- Tumenggung** : nanging menika kok wonten kados buta bajang, mustakane Dwiradha. Nika napa bleduk anak gajah ning kok di tutke Jerapah.

Kala Ludraka : Kae uwong kabeh, tontonen arep mrene arep apa.

Sampak

Kala Ludraka : Sapa iki?

Ghana : Bathara Gana. Sapa kowe.

Kala Ludraka : Kala Ludraka aku, ndi dewa-dewa.

Ghana : Ora ana dewa kabeh sing makili aku. Aku senapatining Dewa.

Kala Ludraka : iki Senapatining Dewa. Wah mati dening aku.

Sampak Perang. Dikemah Kemah.

Kala Ludraka : Gage ratu dewa rung karoan menang kok bayi ditokake ana ing paperangan, dewa cetha kalah kowe.

Sampak Suwuk

Kala Ludraka : We lhadalah kok ngeram-ngeram, wo kelakon ketaman pengabaran mboh dadine.

Sampak (Keluar angin, Ghana menjadi dewasa) Suwuk.

Ghana : Lha dalah wa ora kena diginawe becik.

Petruk : wo lha dalah sak iki dadi gede. Pak Semar

Semar : Eh ya pancen wis imbang gage majua.

Ghana : Ndi majua tak gading kelakon jebol dadamu.

Sampak Perang lagi.

Kala Ludraka : We Lha dalah kena pengabaran dadi gedhe kaya ngene.

Ghana : Apa abamu?!

Kala Ludraka : We Lha Ilang Nyawamu.

Sampak Perang Tanding. Ghana kalah terkena lemparan tombak.

Ghana : aduh pukulun.

Guru : putung gadhingmu. Yah Yah mengko tak sambunge nganggo daya kemayan, mung wae tugelane gading mu sing kiwa bakal tak puja dadi gegamanmu.

Sampak (menjadi Kapak)

Semar : E E malah sak iki dadi gawa gaman, wadung utawa kampak.

Guru : Ngger Bathara Ghana magut a maneh patenana nganggo wadhung mu.

Sampak Nila Ludraka dibunuh. Menjadi Ayak-ayak irama tanggung.


Guru : Hong wilahing kakang Naradha, Kakang Semar, Kaki Endra. Para jawata padha hanekseni Bathara Ghana kridha nylametake Kahyangan. Reh ning mangkana ulun bakal patrapi sandhangan kadewatan. Sejene iku, sejatine lelakon iki perlambang buta lan buta rai liman, sejatine buta watak e angkara, dene manungsa buta awujud liman iki lambange angkara dene gadhing iku kakuatane mula kang saka iku, rehning putunging gadhing yektine putung ing angkara, lan manehe angkara tinandingan dening angkara iku ora bakal menang, mula ulun puja

sempalaning gadhing dadi wedung supaya bisa nyirnake angkara kang wus karuwat.

Sampak.

Guru : Sejene saka iki Pidangetna dawuh ulun teteping ulun sira Ghana dadi dewaning kawicaksanan, kapinteran, lan piguna supaya bisa gawe mulyaning titah lan kudu mbok tularake marah titah janaloka supaya jagad iki isine titah kang manguning karahayon.

Tancep Kayon.



DAFTAR PUSTAKA

- Kuwato. “Tinjauan Pakeliran Padat Palguna-Palgunadi Karya Bambang Murtiyoso DS.” Laporan Penelitian STSI Surakarta, 1990.
- Mulyono, Sri. *Wayang Asal-usul, Filsafat, dan Masa Depannya*. Jakarta: Gunung Agung, 1978.
- Murtiyoso, Bambang. *Pengetahuan Pedalangan*. Surakarta: Proyek Pengembangan IKI Sub Proyek ASKI Surakarta, 1982/1983.
- _____. “Model-model Bentuk Pembaharuan Pedalangan Jawa,” *Gelar, Jurnal Ilmiah dan Seni STSI Surakarta* No. 1 Th. I/1998: 53–59.
- Murtiyoso, Bambang dan Suratno. “Studi tentang Repertoar Lakon Wayang yang Beredar Lima Tahun Terakhir di Daerah Surakarta.” Laporan Penelitian Yayasan Masyarakat Musikologi Indonesia, tidak diterbitkan, 1992.
- Nugroho, Sugeng. “Sanggit dan Garap Lakon Banjaran Pertunjukan Wayang Kulit Purwa Gaya Surakarta.” Disertasi Doktoral Program Studi Pengkajian Seni Pertunjukan dan Seni Rupa, Sekolah Pascasarjana Universitas Gadjah Mada Yogyakarta, 2012a.
- _____. *Lakon Banjaran Tabir dan Lika-likunya Wayang Kulit Purwa Gaya Surakarta*. Surakarta: ISI Press, 2012b.

DAFTAR NARASUMBER

- Dr. Bambang Suwarno, S.Kar., M.hum, Seniman Dalang, Surakarta 69 Tahun.
- Rudy Wiratama, S.Ip., M.A, Dosen dan Seniman Dalang, Surakarta 32 Tahun.